

# Medikaman kont Migrèn

## Gen De (2) Kalite Medikaman kont Migrèn

- Medikaman pou Soulajman ede w kontwole doulè migrèn nan apre li fin kòmanse.
- Medikaman Prevantif ede w anpeche migrèn yo kòmanse.

Ou ka bezwen youn oswa toulède medikaman yo. Travay avèk doktè ou pou konnen sa ki pi bon pou ou.

## Medikaman pou Soulajman

- Administre nan premye sentòm doulè migrèn nan.
- Ede w kontwole doulè migrèn nan apre li fin kòmanse.
- Travay vit pou soulaje doulè migrèn nan.
- Ka ede w avèk sentòm noze oswa lòt sentòm.
- Prezante sou fòm konprime oswa sou lòt fòm.

## Medikaman Prevantif

- Administre chak jou, menm lè w pa gen maltèt.
- Ede w anpeche migrèn yo kòmanse.
- Ka ede w gen mwens migrèn.
- Travay sèlman lè w pran li chak jou.
- Prezante souvan sou fòm konprime.

**Asire ou fè doktè ou konnen:**

- Si medikaman migrèn ou pa travay pou ou.
- Si w gen nenpòt pwoblèm avèk medikaman migrèn.
- Si w gen nenpòt chanjman nan sante ou.
- Si w ap pran lòt medikaman.
- Si w ap planifye pou vin ansent, si w ansent oswa si w ap bay tibebe tete.